

Fich Enfòmasyon pou Pran Desizyon

Si ou gen sentom COVID-19 yo

Suiv enstriksyon yo ki sou afich sa a pou ede ou pran desizyon optimal pou ou ak pou zanmi pwòch epi fanmi ou yo. Toujou itilize bon jan mezi ijyèn ak prevansyon pou evite kontaminasyon.

- Lave men ou souvan
- Touse oswa etènye nan fant koud ou, sou avanbra ou oswa nan yon sèvyèt papye pou figi, pa nan men ou.
- Kenbe anviwonman ou pwòp.

Adilt oswa timoun

Mwen gen yon lafyèv ($\geq 38\text{ }^{\circ}\text{C}$ ($100.4\text{ }^{\circ}\text{F}$) oswa $\geq 37.8\text{ }^{\circ}\text{C}$ ($100\text{ }^{\circ}\text{F}$) pou granmoun aje yo) oswa nenpòt nan sentom ki suiv yo la:

- Pèt sibit sans mwen pou m pran sant san konjesyon nan nen ak oswa san pèt gou bouch
- Kòmansman tous oswa tous k ap vin pi mal
- Difikilte pou respire
- Fatig ekstrèm
- Doulè nan misk
- Maltèt
- Gwo pèt apeti
- Malgòj
- Dyare

OSWA Mwen se yon moun aje ak sentom jeryatri (pèt otonomi, chit, kòmansman kontizyon, ajitasyon oswa lantè, pèt apeti, fatig ekstrèm, elatriye).

DESIZYON

Mwen rete lakay epi mwen rele liy apèl pou kowonaviris lan 1-877-644-4545.

Suiv enstriksyon.

ENFÒMASYON JENERAL

Services Québec

Liy apèl pou Kowonaviris

1-877-644-4545 (apèl gratis)

Moun ki soud oswa ki mal pou tande

1-800-361-9596 (apèl gratis)

Nimewo telefòn enpòtan yo:

Famasyon ou an:

Doktè ou an:

CLSC ou an:

Adilt oswa timoun

Mwen gen yon lafyèv ki pi wo pase $38\text{ }^{\circ}\text{C}/100.4\text{ }^{\circ}\text{F}$ epi youn oswa plis nan sa ki suiv yo la:

- Difikilte ki pèsiste ak/oswa ogmante nan respirasyon
- Po bouch ble
- Difikilte pou bouje
- Lafyèv (bebe ki gen mwens pase laj twa mwa)
- Dòmi nan zye, konfizyon, dezoryantasyon, difikilte pou rete reveye
- Pa fè pipi pandan 12 èdtan

DESIZYON

Ale nan sal ijans lan tousuit.

Si ou bezwen èd, rele 911.

Rete enfòmè. Sit entènèt **Québec.ca/coronavirus** gen nouvel ki ajou.